

**Ikinyamakuru
ca Ekleziya
Gatolika
Umwaka wa 68
Gisohoka kabiri mu
kwezi
Ikiguzi : 500FBu**

Email: journalndongozi@gmail.com

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi-
ziramarembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°772 01 Myandagaro 2022

Diyoseze Ngozi yaraye igabanye abasaserdoti 10 n'abadiyakoni 7

Foto: Chanel HARINGANJI



Ku wa 16 Mukakaro 20-22, diyoseze Ngozi yara-gabanye abasaserdoti 10, abadiyakoni 7, abakorezi 10 hamwe n'abasomyi 10. Ivyo birori bikaba vyabereye ku kibuga kiri imbere y'isengero ya paruwase Gatara.

Mu nsiguro y'ijambo ry'I-mana, Musenyeri George BIZIMANA, Umwungere wa diyoseze ya Ngozi, yaramenyeshaje abagire batirwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti ko naho batorewe

Soma ku Rup. 4

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

* A. Noël NTIRANDEKURA

* Mélance NDAYIKEZE

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

* MSV Anatolie NIYIMPAYE

Uwujejwe imigenderanire:

* J. de Dieu NDIKUMANA

Muyinga: Iyatirwa mw'ibanga ry'ubusaserdoti n'ubudiyakoni



Soma ku Rup. 4

Ibirimwo

- o «Ntuzokwice.» (Mat 5,21) «Nube umurinzi wa murumunawe». (Am 4,19.....6
- o Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka8

- o None abubatse rukristu bokora iki ng bagume ari ishusho y'Imana.....9
- o Uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza.....10

Idominika ya 19, Umwaka C**Igisomwa ca mbere:** Ubwitonzi: 18, 6- 9**Inkuru nziza:** Luka :12, 32- 48

Ivyo dusoma mu gitabu c'Ubwitonzi :

(Imana izanwa n'ugukiza igihugu cayo)

Iryo joro ryari ryaraburiwe abasokuruza, niko kugumya umutima kuko bari bazi indagano bemerewe. Niho igihugu cawe citega ko intungane zorokoka, abansi bagatikira. Mu gihe wanena abansi bacu, niho natwe wadutera iteka mu kutwitorera.

Ni co gituma abana b'intungane bagiye ahihereye bakaguhereza inkuka, bakarahirira ica rimwe bivuye inyuma ko aberanda bazosangira akabisi n'agahiye ; muri kino kiringo nyene, batera indirimbo z'abasokuru.

Igisomwa ca kabiri : Abaheburayo 11, 1-2.8-19 (Igisomwa kigufi)

Ivyo dusoma mw'ikete ryandikiwe abaheburayo :

(Ukwemera kwa aburahamu ni agashusho k'ukwemera kwacu)

Ncuti zanje:

Ukwemera ni kwo shimikiro ry'ivyo twizigiye, ni co kimenyamenya c'ivyo tutarabona ; ukwemera ni kwo kwashingiye intahe abasokuru. Ukwemera ni kwo kwatumye Aburahamu agamburuka mu gihe yahamagarwa, akagenda mu gihu yari yagenewe kuzotora kandi yagenda atazi iyo aja ; ukwemera ni kwo kwamutumye aja kugerera mu gihugu yasezeraniwe nkuko coba ari co mu mahanga, akabana mw'ihema na Izahaki na Yakobo, ba samuragwa nkawe b'iryo sezerano, kuko yari arorereye igisagara kiri n'iremezo rikomeye, Imana yatavye ikubaka.

Ukwemera ni kwo kwatumye na Sara nyene ashobora gusama inda naho yari ashaje, kuko yiyumviriye yuko uwabimwemereye akwiye kwemerwa. Ni co catumye umuntu umwe rudende, - kandi uwo yari akaheze, - arondoka isinzi nk'inyenyeri zo mw'ijuru, nk'umusenyi udaharurwa wo ku kiyaga.

Alleluya, Alleluya.*-Nimwame mugavye kandi mwiteguye, kuko mutazi umunsi umwana w'umuntu azozirako.***Alleluya.**

Ivyo dusoma mu Nkuru Nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirijwe na Luka:

(Nimwame mwiteze Umukama)

Umunsi umwe, Yezu yabariye abigishwa biwe ati: "Ntimugire ubwoba mwebwe dutungwa twanje, kuko So wanyu yashatse kubaha Ubwami. Gurishe ivyo mutunze, mubitabaze aboro. Nimwirondere indaha zidashira be n'itunga ritazobatetereza mw'ijuru, aho umusuma adashobora kwegera, na wo umuswa nturuhe ugezako iryinyo; kuko aho itunga ryawe riri, ariho agatima kawe kazoba.

Nimukenyere zigume kandi amatara yanyu yame yaka. Nimube nka barya barindiriye shebuja ku munsi w'ubugeni, kugira bamusanganire arengutse akuguruza.

Ewe barahiriwe abasuku shebuja azosanga bagiteranye! Ni ivy'ukuri ndabibabwiye, azozikenyerabavyagize ku ntebe, abaheture mu kubagaburira. Aje mu gicugu canke mu nkoko, bazoba bahiriwe asanze bakimwiteze.

Bitegere neza: iyo aba nyene urugo yari azi ikiringo igisuma kizirako, yorariye ntiyoretse ngo kimumenereko inzu. Nimwame mwiteguye na mwebwe nyene, kuko umwana w'umuntu azoza mu gihe mutari mumwiteze."

SOMA NDONGOZI**ANDIKIRA NDONGOZI****KUNDISHA NDONGOZI****TERERA NDONGOZI**

« Ntuzokwice » (Matayo 5,21)! « Nube umurinzi wa murumunawe » (Amamuko 5,21)

Mu nama ya bose igira 14 yabereye i Kinshasa kuva kw'igenekerezo rya 7 gushika kurya 9 Mukakaro 2022, Abepiskopi bahurikiye mu'Ishirahamwe ry'Amanama y'Abepiskopi yo muri Afrika yo hagati, ku bantu bose baba mu karere k'ibiyaga binini, barashikirije ijamba aho batera akamo abantu bose baba muri ako karere, baba abarongoye abandi, abakuru bimigwi yitwaje ibigwanisho, abarongoye abandi mu madini, bati:

«Ntuzokwice» (Matayo 5, 21)! **Nube umurinzi wa murumunawe** (Raba Amamuko 4, 9)

1. Twebwe, Kardinali, Abepiskopi bakuru n'Abepiskopi, dusanzwe duhurikiye mu'Ishirahamwe ry'Amanama y'Abepiskopiyo muri Afrika yo hagati, turababajwe n'ingene umutekano ubandanya uhungabana ku mbibe z'ibihugu vyacu uko ari bitatu (Uburundi, Republika iharanira Demokurasi ya Kongo hamwe n'Urwanda), na cane cane ku ruhande rwo mu Bururuko bushira Ubuseruko bwa Republika Iharanira Demokurasi ya Kongo, hamwe n'inkurikizi mbi ziteye ubwoba :

- * umutekano muke,
- * abantu bapfa,
- * abantu benshi bahunga,
- * ihohoterwa riguma ryongerekana,
- * isamburwa ry'itunga rusangi,
- * inyifato ikangurira kugira inzigo idacika, n'ibindi.



2. Muri iyo nama yacu, twayobowe n'Inyigi-sho ya Nyenubweranda Papa Fransisko dusanga mw'Ikete ryiwe ry'Ubutumwa « Twese turavukana » ; ni na yo yabaye inyigisho shimikiro.

Muri yo, uyo Muvyeyi wacu Papa Fransisko, adutumirira kugira ubuvukanyi butagira imbibe: « Twese turavukana », akongera agakabura agatima mpanuzi kacu agira ati : « Muri iki gihe tugezemwo, ivyukwiyumvamwo ko twese dusangiye iteka ry'ukuba ikiremwa muntu bitera bigabanuka, n'ihangiro ryo kuronderera hamwe ubutungane n'amahoro rikaguma ari nk'indoto yo mu kindi gihe. (...)

Ukwikumira n'ukuba nyamwigendako canke santuntu twanje ntivyigera biba inzira yo gucamwo kugira ngo bitange umwizero canke ngo bifashe guhinduka, ahubwo ukubana hafi na hafi, niwo muco utuma abantu bahura n'abandi. Ukwikumira oya, kubana hafi na hafi ego. Ingendo y'ugu-

hangana oya, umuco w'uguhura mukaganira ego» (Twese turavukana § 30).

Twese turi abavukanyi

3. Mu gihe invugo y'agahemo yuzuye uburyarya ya Kayini, aho yanka kuba umurinzi wa murumunawe (Raba Amamuko 4, 9), igihushane co kiza cuzuye ubuntu n'ubutumwa: nube umurinzi wa murumunawe! Abavukana ntibicana; bakurira hamwe mukwitangirana mu buzima, bakumva ko bakingiraniye kandi ko bababaranye.

Ni muri iyo ntumbero tugize rwacu umwitwaririko wa Nyenubweranda Papa Fransisko wo gusangira ububabare n'abo bose bari mu bibazo bitandukanye harimwo n'intambara.

Dusangiye umubabaro n'imiryango yabuze ababo bivuye kuguturaturazwa, turabamenyesheje ko turi kumwe nabo muri uyo mubabaro. Muri iyo ntumbero nyene, turahojeje imitima yose ituntuye ku-

bera ububisha bwa muntu ukwo buri kwose n'iyobuturuka hose !

Duhamagariye imibano y'abakristu, abari mu nzego zijewe ivy'imibano z'Ekleziya, abashingantahe n'abapfasoni b'umutima mwiza, kwerekana ko bifatanije n'abo bose bari n'ico bakeneye.

4. Bavukanyi, muri iyi myaka iheze, amaraso yarasesetse cane muri kano karere kacu k'ibiyaga binini, gushika no kw'ihonyabwoko, ikimenyameya c'igicumuro c'umwina w'amaronko n'ukwigungirako. Inkuru nziza nti-teye kubiri n'ubuzima : «Ntuzokwice » (Matayo 5, 21).

Ubuzima ni katihabwa kandi ntibushobora kuba aribwo butangwa kw'inkuka kubw'abantu bamwe bamwe bironderera inyungu zabo. Akarere k'ibiyaga binini nako nyene, ntigashobora kuguma ari akambaro k'ibara k'ibikorwa bibi vy'ubwicanyi canke ikirimbiro ry'imigenzo yataye agaciro.

Abasinzikaye bari mu myaka itandukanye kandi ni benshi cane, baharurwa mu miliyoni. Abakenyezi n'abana ni bo kenshi bama bikorera izo ngorane, mu kwishura ivyo batazi.

Ivyo dusavuye dushimitse :

5. Dutumiriye abantu bose bo muri kano ka-

Diyoseze Ngozi yaraye igabanye abasaserdoti 10 n'abadiyakoni 7

(Bitangurira ku rup.1)

ibanga ry'ubusaserdoti, ntibisigura ko aca agira ingabirano yo kudapfa canke kudakomereka. Ahamagarirwa nyabuna kwifashisha ibisanzwe bifasha abandi bakristu, kugira ngo banaguke bongere batambuke, gutyo aremye ashobore kuremesha abandi. Yarasavye ko bosabira bashimitse abihebeye iryo banga, kuko ubusaserdoti ari ingabire idasanzwe kuko mu gihe batoba bahari, hari ivyo batokwiha.

Arangije kubatekerera impanuro zidasanzwe, yacyiye atangura imigirwa nyezina ahereye ku bagabana igice c'ubusomyi, ubukorezi, ubudiyakoni hamwe n'ubusaserdoti.

Abagabanye ibanga ry'ubudiyakoni nibo b'aba :

1. Fratri Marc BUTOYI (Paroisse RUKAGO)
2. Fratri Joachim MANIRAKIZA (Paroisse RWISABI)
3. Fratri Célestin NDAYIKEZA (Paroisse GATARA)
4. Fratri Epipode NDIKUBWAYO (Paroisse GASENYI)
5. Fratri Oscar NTIRAMPEBA (Paroisse RUKAGO)
6. Fratri Charles NZEYIMANA (Paroisse KIREMBA)
7. Fratri Juvenal SINDAYIGAYA (Paroisse MUBUGA)

Abagabana ibanga ry'ubusaserdoti nabo ni :

1. Diakoni Dominiko BARANGENDANA (P. MUBUGA)



Foto: Chanel HARINGANJI

2. Diakoni Viateur BIGIRIMANA (P. MIVO)
3. Diakoni Ildephonse KARORERO (P. BURANIRO)
4. Diakoni Philbert NDAYIZIGA (P. MUSENYI)
5. Diakoni Norbert NDUWIMANA (P. GASENYI)
6. Diakoni Eric NGENDAKUMANA (P. RUGANZA)
7. Diakoni François NIYITEREKA (P. GATARA)
8. Diakoni Anicet SIBOMANA (P. GISYO)
9. Diakoni J. Bosco SINZOTUMA (P. RUBUNGU)
10. Diakoni Audace NIYIBIGIRA (*Père Blanc*) (P. RYAKABAMBA)

Patiri Fransisko yari yaraye yatiwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti, inyuma y'inkuka y'imisa yo gukengurukira Imana kw'iteka yaraye imuteye yahereje bukeye ku musi w'Imana, yarashikirije ijamba ryo gukenguruka, naryo rikaba ryari mu mice 2 : Gukenguruka hamwe no Gusaba.

Ubwambere, yakengurukiye Imana yo itanga

ititangiriye itama, yo yamuhaye abavyeyi bamwibarutse, bo iyo Mana yacyiye mu kumugabira ubuzima, ntibanigire mu menshi umugambi wayo ngo babe babaha biyake.

Yarashimiye Umwepiskopi wa diyoseze ya NGOZI yakiriye icipfuzo yamutuye co kwihebera Imana, none yaraye amushikirije icese isakramentu.

Yacyiye aboneraho no gukengurukira Umwepiskopi mukuru muri kino gihe arongoye diocese nkuru ya Bujumbura, we mu gihe yasaba iseminari nkuru, yamuteze yompi, aramwakirana urweze, aranamuherekeza kumwe n'abo yagiye arazeza ubutumwa bw'itorwa mu-ri diocese gushika yimukiye i Bujumbura.

Ugusaba

Mu gusaba yavuze ati : «Bakunzi b'Umukama, iri banga naraye ngabanye, ni ibanga rihambaye kandi ritoroshe, risaba kwivako, kwitanga gushika naho umu-ntu acika utuvunji.

None rero mwahora munsabira, ntimuce mucana inkinzo ngo urugamba rururangiye, nyabuna murashishikara muzobandanye munsabira, kugira ngo nzokwame mbera iryo banga naraye ngabanye, bimfashe kwama ndonka inema zo kurizigama, nakare mu kirundi bavuga ngo: «Ibanga ribangirwa ingata », nanje novuga nti: «Ibanga ribangirwa igisabisho».

Nimwabona hari ibingoye, murampanura ariko mutanyararaje, murankabura ariko mutankebaniye. Ivyo ndabisavye mwebwe mwese na cane cane mwebwe basaserdoti tugiyeye gusa-ngira urugendo rw'ubutumwa».

Ivyimbura ni vyinshi, abakozi bakaba bake. Paruwase Gatara imaze 94, yavutse ku wa 8 Kigarama 1928. Kuva icyo gihe ifise abasaserdoti 6 n'abandi 5 bashengeye. Ifise ababikira bababa 120 hamwe n'abafurera 5.

Iyo paruwase ikaba imaze kurongorwa n'abasaserdoti 20, muri abo 12 bari abapatiri b'abamisiyonari ba Afrika, 8 nabo ni imvukira za diyoseze Ngozi, harimwo na patiri NZEYIMANA ayiramuha muri kino gihe, akaba ayirongoye imyaka 4.

Turangize tubamenyeshako Paruwase Gatara hari haheze imyaka 34 itaberamwo ibirori nk'ivyo, hari mu 1988.

Chanel HARINGANJI

Muyinga: Iyatirwa mw'ibanga ry'ubusaserdoti n'ubudiyakoni

Ku musu wa gatandatu, igenekerezo rya 16 Mukakaro 2022, niho Nye-nicubahiro Musenyeri Yohakimu Ntahondereye Umwepiskopi wa Diyoseze Gatolika ya Muyinga yatiye mu mabanga abasaserdoti 7 n'abadiyakoni 11 n'abandi berekeza kuri iryo banga ry'ubusaserdoti baronse ibice vy'ubukorezi batandatu hamwe n'abasomyi umunani.

Kari akanyamuneza kamuje muri Diyoseze yose hamwe no ku bandi batumire bava mu yindi mihingo bari bitavye ibirori vy'uho musu.

Ivyo birori vyabereye muri Paruwase Uwasamwe atagicumuro ya Muyinga.

Inkuka ya misa yatanguye igihe c'isaha zine irongowe n'Umwungere akikijwe n'abasaserdoti isinzi. Abihebeyimana n'abakristu balayike bavuye hirya no hino muri Diyoseze no mu zindi ntara z'igihugu cacu ntibari batanzwe muri ivyo birori.

Akanyamuneza karase-sekara ku maso y'abari bahakoraniye bose: imikangara ije kugabana ivyo vyiza vy'Imana, abavyeyi, incuti n'abagenzi, abanyacubahiro benshi batandukanye.

Banezerejwe n'ivyiza Imana idahengeshanya guha abayo, ndetse banitaba akamo k'Umwungere yabatimirira mu ntango ya misa kuzirikana ivyiza Umukama atugabira biciye ku basa-



saserdoti, ariko kandi ko ari akaryo baronse ko gusabira abo bagira baterwe iryo teka bagashingwa n'amabanga ahambaye.

Mu nyigisho yiwe, Umwungere yaribukije ko umwe wese akwiye kwisanga, akumva ko yaje ku butumira bw'Umukama atawe yipakijeko. Yarerekanye akamaro abasaserdoti bagiye baragira kuva mw'Isezzerano rya kera kuri Musa na Yozuwe, aho bayoboye igihugu c'Imana gushika bagishikane mu gihugu c'isezerano. Yaboneyeho kwerekana kandi uruhara abo bagira bati-rwe bagiye kuzoba bafise muri benewabo.

Yarongeyeko ko ubusaserdoti ari ibanga ribangirwa ingata, ko atawohava yitega kuri iyo misore ko bamuteza imbere mu butunzi, ahubwo ko bikwiye ko bama ivyamwa vya Mutima Mweranda, we akomeza urukundo rwa Mana Data mu basavyi biwe. Ntibashobora kwifata nk'abanyakazi canke abakozi barajwe

ishinga no kurangura ivyo shebuja abategereza gusa, ahubwo bahamagariwe kwitwararika kurangura ivyiza Imana yiteze ku gihugu cayo.

«Ntitwokwubahuka kwipfuzira uru rwaruka, kwifata nk'abanyakazi, ngo babe abakozi b'Imana, nkaho womengo Imana irakeneye abakozi. Twipfuzira cane cane ko bahinduka abatamwa nyabo b'Imana, bitangira ubusho baragijwe kugira ngo banywanishe ivyiza vy'ibatisimu n'ugushaka kwa Mana Data ngo bashobore kwama ivyamwa nyavyo vya Mutima Mweranda.»

Umwungere yarerekanye isano riri hagati y'itorwa rya Petero Mweranda n'urugendo abo batamwa bashasha bagira binjizwemwo, ko iryo sakramentu ataco rihava rihindura kuko basa n'uko bangana ariko ko bihindura cane cane ingendo n'imico bigiye kubaranga bakitandukanya n'ico cose coza kubatandukanya n'ishaka riri muvyo bemereye Umukama.

Mu gusozera, yaribukije abavyeyi babo, abavukanyi n'abagenzi b'abo bagira batirwe ko umuntu acuka kw'ibere adacuka ku muvye, ko rero batagiye kubarengera, ahubwo ko bakwiye guca barushirizaho kubitaho no kubasabira bisumbirije kugira ngo iryo teka batewe ntirize ribaviremwemo ukumaramara no kubibazwa imbere y'Imana igihe vyoramuka bibagoye bakinumira.

Yaranababwiye kandi ko batokwirya akara ngo bagiye kuba mu magorofa ngo nuko baronse abapitari kuko batirwa ngo babere abandi indongozi mu gushingira intahe Yezu Kristu.

Turangize tubamenyeshya ko abo basore bari baraye biyemereye mberere bagerekako n'indahiro imbere ya Altari nyeranda, imbere y'umwungere wa diyoseze, n'abasaserdoti babitangiye mu mabanga, kumwe n'igihugu ceranda c'Imana ugushingira intahe ivyo Ekleziya yemera, ukutubaka urwabo hamwe n'uko bazobaho begukiye Diyoseze ya Muyinga.

Inyuma y'inkuka ya Misa, ibirori vyacyiye bibandaniriza mu kigo citiriwe Musenyeri Nterere ahari hategekanirijwe agatutu ku batumire, n'abashitsi b'umuryango wa Diyoseze.

« Ntuzokwice » (Matayo 5,21)! « Nube umurinzi wa murumunawe » (Amamuko 5,21)

(Bitangurira ku rup.3)



Abo ni bamwe mu Bepiskopi bagize Inama y'ashirahamwe ry'Amanama y'Abepiskopi yo muri Afrika yo hagati, ku bantu bose baba mu karere k'ibiyaga binini

rere kacu k'ibiyaga binini, kwitandukanya n'umurwi uwo ariwo wose wobakwegakwega, kenshi usanga ubitumwe n'umunoho hamwe n'urwanko, canke ufise intumbero y'ugukumirana n'ubugizi bwa nabi.

6. Dusavye abari mu mirwi yitwaje ibirwanisho n'abakuru babo haba mu vya politike, mu vy'imibano, mu vy'ubutunzi canke ivy'ukwemera kurondera izindi nzira bocamwo ngo batorere inyishu ibibazo vyabo aho kwikora ku birwanisho, ku ntambara no mu kwica inzira karengane.

7. Dusavye dushimitse abajewe gufata ingingo mu vya politike gukora uko bashoboye kandi bashizemwo inguvu, kugira ngo ukubana kwiza kurangwe m'umutima wa Afrika, kandi bame bashira imbere imvugo y'amahoro, y'umwumvikano, y'ubumwe n'umuvukano.

8. Duhamagariye abarongoye amadini, amashengero n'abemera bose

kuba abaremesha amahoro nk'abatwamba badasanzwe b'Inkuru nziza y'urukundo n'ugusubizahamwe.

Tugume mu bumwe budacika kumwe n'umusubirizi wa Petero Mweranda, Papa Fransisko mu kiringo urugendo rwiwe yari kugira muri kano karere rwigijwe inyuma ku mvoz'amagara.

Ni mu mwizero, mu kwigumya mu bitugora no mukwizigitirira mu gisabisho (Abanyaroma 12, 12), tubandanya tumusabira kugira ngo atore mitende aheze azoze kuturamutsa mu mezi ari imbere.

Kure yo kuba umusi mukuru k'urugendo urwo ari rwo rwose rw'umutumwa, twebwe turubonamwo, nk'amazi mazima adudubiza ava mu mshaha wa Kristu, akaryo keza ko gukomeza ukwemera kwacu muri Yezu Kristu, Umwami w'amahoro abushitse, n'akarorero kuzuye k'umuvukano k'abaragwa b'Urukiza.

Ivyo twiyemeje

9. Kubwacu, twiyemeje kubandanya, mu butumwa bwacu nk'Abungere, duterera mu kuremesha amahoro mu bihugu vyacu no mu karere k'ibiyaga binini.

Ku musu w'Imana igenekerezo rya 31 Mukakaro 2022, ku musu mukuru wa Inyansi mweranda w'i Loyola, dusavye abakristu b'abakatolika gutegura igisabisho c'inkuka y'imisa yo gusaba amahoro.

Icivugo co kuri uyo musu wo gusaba amahoro cotorwa muri ibibikurikira, dusanga mu nyigisho zacu zo mu misi iheze :

- « Mwebwe muvukana mwese (Matayo 23, 8): nimuhagarike intambara » (Nairobi 1999).

- « Niturondere ... ibiterera mukuremesha amahoro (Abanyaroma 14, 19). Intererano y'Ekleziya Katolika mu mugambi w'amahoro, mu karere k'ibiyaga binini » (Kigali 2002).

- « Mu nkota zanyu nimucuremwo amasuka yo kurima (Raba Izaya 2, 4). Ekleziya, umuryango w'Imana, duharanire amahoro n'iterambere ry'Afrika y'ibiyaga binini » (Kinshasa 2004).

- « Afrika, haguruka, fata inderuzo yawe utambuke » (Yohani 5, 8). (Gitega 2009).

- « Uwanka mwenewabo wese ni umwicanyi. Twese hamwe duhara-

nire amahoro mu karere k'ibiyaga binini » (Kinshasa 2002).

10. Ese Imana y'Urukundo yodufasha kugira utwigoro kugira haboneke umuvukano mu karere mu kuronderera hamwe amahoro n'iterambere.

Bigiriwe i Kinshasa, ku wa 9 Mukakaro 2022

Kw'izina ry'Abepiskopi bagize inama nkuru ya ACEAC

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Marcel MADILA, arongoye iyo nama.

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Vincent HAROLIMANA, icegera ciwe ca mbere.

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Bonaventura NAHIMANA, icegera ciwe ca kabiri.

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Yohakimu NTAHONDEREYE, arongoye Inama y'Abepiskopi Gatolika b'iBurundi

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Marcel UTEMBI, arongoye Inama y'Abepiskopi b'Igihugu ca Congo

- Nyenicubahiro Muse-nyeri Philippe Rukamba, arongoye Inama y'Abepiskopi b'Urwanda.

Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka (ibikurikira)

Ba sokuru barayamaze ngo : « Ingeso y'urugo ntiyubaka urundi ». Twikuremwo ko tudategerezwa kugendera ku bigenga intwaro z'abo tudasangiye imico.

Ikindi dukwiye kumenya no kumenyera, ni uko ubutegetsi bukomoka ku benegihugu, bakabuha uwo babona abafitiye imigambi itomoye yo kubateza imbere. Ni na bo kandi basuzuma indongozi bakongera bagafata ingingo ikiringo baba bagutoreye giheze ; bakugomwe bakakwongera, bakuneguye bakakubogozza mu kukwima amajwi.

Biratangaje kandi birababaje kubona hariho abigira ko ari abahinga mu gutunganya ivy'igihugu ariko bacyumvira ko ubutegetsi bw'abenegihugu bugabanganwa hagati y'abanyamigambwe. Mbega muri icyo gihe bagabura ubutegetsi bw'abenegihugu, abataronse na bo baca baba abande, ko abarundi bose batohurira mu nze-go z'igihugu ?

Mu gihe abanegihugu ari bo bafise urupfunguruzo rw'ubutegetsi, twabwese abanyamigambwe tworeka tugahiganisha imigambi, bakugomwe bakakwicarika ku ntebe y'uburongozi, bakuneguye ukemera ugasubira gutunganya imigambi yotuma mu nyuma bazokugomwa, na kare ngo : « Utashe imvumire wibuka gutabira ingundu ». Turababazwa kandi n'

indongozi ziterwa iryo teka ryo kuja imbere y'abandi, zigaca zibaza ko zigiyeye gusuhuka mu kwikwegerako ivy'igihugu.

Ivyo na vyo ni vyo bituma abenegihugu bata umwizero ku gihugu, bagatangura kurondera ingene bobogozza uburongozi bwabo ikiringo kitarahera.

Mwen'izo ndongozi ni zimwe zibaza ko bazihaye kurya, kwica no gukiza, bagaheza bagatangura kugira aka mwana wa mama ariko gatera amacakubiri mu gihugu.

Abenegihugu ni bo sebuja w'indongozi, bariha amakori n'amatagisi ngo haboneke uburyo bwo kubatunganiriza iterambere. Mu gihe rero abakorera igihugu bashatse kurira amatama yose, bamenye ko « uwujya guhererwa ashaya ku masabo ».

Nabivuze, reka ndabisubire, Ukwikukira nyakuri ni ukwigaba kandi ukigaburira.

Ikibazo cyo kwibaza uno musi ni iki : Ko dufise vyose Imana yaduhaye, habuze iki ngo tuvavanure no gusega ibindi bihugu, ngo natwe tuje mu bihugu biteye imbere ?

Icyo novuga uyu musi ni uko twasamaye, dutwarwa n'ibitagira mvura. Kandi mubimenye, ingwano y'ibihori iraryohere ibisiga.

Basokuru barayamaze

ngo igiti ntikigukora mu jisho kabiri. Tuje hamwe twese, dushire imbere ibikorwa, tugwize umwimbu ni na ho tuzoba turiko turakomeza intahe y'ukwikukira.

Iterambere ntirizana riraronderwa, kandi riraruhisha, ariko mumenye ko uwushaka umubira abira akuya ko kandi atawurya akatamugoye.

Imana ahayo yaraduhagije igihugu ciza, gifise isi nziza, amazi menshi meza, imvura ikwiye, agataka karimwo ubutunzi bwinshi, ubu ni ahacu ho gukura amaboko mu mpuzu, umwe wese yiyumvire icyo yokora kuko umwanya twamaze twicaye, ivyo twari gukora biraturindiriye ; nta n'umwe yovuga ngo yabuze icyo yokora.

Ku ruhara rw'inze ngo nshingwabikorwa z'igihugu, ubu tugiye gushirabantu bose ku kivi.

Ku bakozi b'igihugu, twarafashe ingingo ko uwudakora adakwiye impembo, ahubwo akwiye gutaha kwikorera ivyiwe, areke guhenda abenegihugu.

Ivyo ni vyo bizotuma itunga ry'igihugu rituramira twese. Ni muri icyo ntumbero twaraye duhinduye itunganywa ry'ibwirizwa rigenga ikoresha ry'ikigega c'igihugu mu ntumbero y'uko amahera yose ajana n'igikorwa kigiye gukorwa. Ubu rero bizoshoboka ko abenegihugu bagenzura ibikorwa

twakoze babicishije ku babaserukira. Abari mu rwego nshingwabikorwa, bazokwama na ntaryo berekana icyo bakoresheje amahera bahawe, uwuzobababura na we ataco yakoze aronke impera bakwiranye.

Ikindi twipfuzaga kubamenyesha, ni uko Reta yaraye yemeje amategekoye yo kugabanya bwa busumbasumbane bw'imishahara ku bakozi ba Reta. Ahakeneye gukorsorwa bikosorwe mu maguru masha.

Vyongeye muri uku kwizi kw'indwi gutanguye, politike nshasha itunganywe itangwa ry'imishahara igiye gutangura kuja mu ngiro ku bakozi ba Reta.

Biragaragara ko twese tugiye ku kivi, ata wurya umutsi uwundi, nta myaka cumi izohere tarashika kw'ihangiro twiyemeje abakozi bose banezerewe, kuko uko umwimbu uzizongera n'iko umukozi azobibona mu turusho dutandukanye.

Ubu tugomba kwigisha indongozi kurangura amabanga bajewe, babona icyo baja gushika aho umwe wese ahejeje ikiringo yereka uwumukoreye mu ngata aho yari agejeje ikivi n'icyo gitara kija.

Ku bijanye n'abenegihugu bikorerwa ivyabo, aho tuvuzwe abarimyi, abanyamyuga,

Duture igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka (*ibikurikira*)

(Bitangurira ku rup.7)

abahingura ivyimbura n'itunga ka-ma ndetse n'abadandaza, dushaka ko abizewe bese baba imboneza koko, bamurikire abandi, babe abatware barazwa ishingano kubona abantu bese bari ku kivi mu rugamba rwo kugwanya ubukene.

Dushaka ko indongozi zija imbere mu gukunda no gukundisha abandi ibikorwa. Twipfuzako indongozi zifata nk'intwazangabo, abikorera ivyabo na bo bakaba inteko zo kugwanya ubukene. Urugamba na rwo ni uko umwe wese agira ico akoze kigwiza umwimbu.

Ni co gituma tubasaba mwese kuja hamwe mu mashirahamwe n'amakoperative kugira imitwe ikore ikoranye. Gurtyo tugiyeye hamwe, nta nkeka ubukene tuzobutuzamo mu gihugu cacu.

Ntimugire ubwoba bw'urugamba kuko turi kumwe twese birashoboka. Ndabivuze gurtyo kuko nabonye ko hari abatinyanga gutangura, bagashakaba se bujya baba hamba gusa, naho bobobaba bahomvye.

Mu bijanye n'iterambere rirama igihugu cacu cyemeje gushikako, ni ukumenya ibintu vyose bizana itunga mu gihugu.

Ngaha iwacu turafise isinziza n'ibihe vyiza bituma uburimi bushobora gutera imbere na canecane ko mu Burundi ibiterwa vyose bihurum-

birwa mu bindi bihugu bihamera. Uburimi ni yo nkingi ikomeye mw'iterambere kuko i-vyokurya ni vyo nshingiro y'amagara meza, na yo agatuma tugira ingoga zo gukora.

Ni co gituma dusaba na ntaryo kwama twitwararika gukingira ibidukikije. Tuzomenya ko twakingiye isi yacu mu gihe cose tuzobona amaziyose y'Uburundi ari umusarara kandi ata si igaragara.

Aha iwacu kandi igihugu c'Uburundi gihagaze mu karere keza, koroherereza ingenzi narirya dufise n'ivyiza turata, abanyamahanga bashobora kuza kunezererwa.

Ica gatatu dufise gituma tugwiza umwimbu ni ubutunzi buri mu gataka kacu, dushobora guhingura tugashora mu bindi bihugu.

Ntihagire rero umurundi yiyanzanjwako kuko umutahe turawufise ni ahacu rero kuwuhingura, tukawukamisha.

Twavuze iterambere rirama ariko hariho ibitegerezwa guherekeza imigambi kugira ngo ibintu bigende neza.

Nko mu bijanye n'imibano turabona ko igwirirana ry'abantu riri mu bizingamika iterambere. Umuryango naho wokora gute, uronderera abantu benshi ntushobora kugira ico uziganya.

Abana bakenera gufungura, kuryama, kwiga, kuvuzwa, kwambikwa n'ibindi. Ivyo vyose bisaba uburyo, ivyo bigatuma umuryango urenza abana batatu biwugora cane.

Kira noneho amatongo yaraze, hamwe twoguma kuri uyo murindi wo kuvyara, vyoshika tukazosanga igihugu cose kigizwe n'amazu hanyuma duce twicwa n'inzara kubera ubukene bw'amatongo.

Mu ntumbero yo gutera imbere, ntibishoboka umuntu wese adashobora kuziganiriza ejo, ryoba ari iterambere rimara umwanya urume ruma, kandi dushaka iterambere rirama.

Uretse n'ivyo, igihugu gitera imbere gitekanye. Ngira ntawokwirenganzira ko no mu masentare ibibazo vy'amatongo ari vyo vyiharije igice kinini c'imanza.

Turabona kandi agahaze kuko abarundi batari bake ntibari ku kivi. Aha twovuga abirirwa bicaye mu bisagara, impunzi zitarahunguka n'inkozi z'ikibi ziri mu mabohero. Urwo ni uruhombo kuko abarundi bese bategerezwa kuja ku kivi.

Ku bijanye n'Abarundi bakiri mu buhungiro, turashima ko igice kinini kimaze gutahuka kandi ko n'abandi babandanya bashika mu gihugu c'amavukiro; turashimishwa kandi n'ingene abasangwa bakirana igishika

benewabo mu kubashigikira mu vyo bakeneye mu gihe bataba bareza ivyo bashitse barima.

Ku bantu bicaye mu bisagara na bo, nibamenye ko kurya wicaye ari ukwonka iyatetse kuko ni aho kuba abafise ico bakora gusa. Barya mwatse indaro ni ukubera ubuntu buranga Abarundi nayo harya usanga barashegeshwe.

Nimwegere iyo muva kuko niho mufise musiy'urugo hoho mworima agatoke, mukworora n'udutungwa.

Ni iyo ntumbero yatumye uburungozi bw'igihugu bwiyumvira inzira yo gusahiriza mw'iterambere mu gushigikira abenegihugu biyegeranirije mu makoperative, canecane urwaruka n'abakenyezi.

Ku bari mu bihano na bo kubera ububegito, nta kindi twokora atari ukuguma twigisha akaranga mutima k'umurundi kugira twese tugendere ubuntu. Gurtyo inkozi z'ikibi zigabanuke mu gihugu.

Mu bintu biraje ishingano Reta, urwaruka n'abakenyezi bafata ikibanza mbere, bivanye n'uko iyo mirwi ari yo igize igice kinini c'Abarundi, kandi ko ari bo igihugu gitegerezwa kwubakirako umushinge w'iterambere.

**Ndongozi y'Uburundi
Biracaza**

None abubatse rukristu bokora iki kugira ngo bagumane ishusho y'Imana?

Kugira ngo abubatse rukristu bagume ari ishusho y'Imana, hari ibintu bidashora guhara mu buzima bwabo. Ivyo bokora ni bibiri:

1. Ntagutandukana n'uwu mwubakanye:

Yezu avuga ati:» Nti-hagire uwutandukanya ico Imana yifatanirije» (Matayo19,6).

Iryo jambo risigura :

Ubwa mbere, ko atagutandukanye abubakanye Imana yafatanije. Umuntu ashobora nko kubateranyangobavane. Dufatiye nko kw'itegeko rigenga ingo n'imiryano, mu numero 158, aho bavugaga ibituma umugabo n'umugore bashobora gusaba kwahukana. A-riko ni ukumenya ko ubwa mbere Imana yaremeye umugabo n'umugore kandi yabahezagiye



nk'umugabo n'umugore, gutyo ikabafatanyaga mu kubungira ubumwe.

Iyo umugabo n'umugore batandukanye baca batandukana n'Imana kuko ata rukundo baba bagifatanije. Kandi nk'uko atawovugaga ngo ndakunda Imana atabona yanse mwenewabo abona (1Yohani 4,20), niko kandi atawovugaga ngo arakunda Imana ata-

bona yanka uwobubakanye abona. yaba umugabo yaba n'umugore bompi bahamagariwe kwama ku muzirikanyi ko akagozi kabafatanyaga ari urukundo.

Bataye urukundo bafataniye, baba bataye urukundo rw'Imana kandi bataye ishusho y'Imana.

Ubwa kabiri, risigura kudatandukanya abubakanye n'Imana yari

yabafatanije nayo. Ivyo bishika nko kubabuzagusenga.

Hagize agakoma kose, ukabahanura kuja mu girwamana n'ibindi. Iyo umugabo n'umugore batandukanye n'Imana Rukundo yatumye bunga ubumwe, baca batandukana nabo nyene kuko uwabahuza baba bamuhevyeye. Gurtyo baba batakaje urukundo rw'Imana n'ishusho yayo.

2. Kuguma mu rukundo:

«Uwuguma mu rukundo, aguma mu Mana kandi Imana ikamugumamwo» (1Yohani 4,16).

Umugabo n'umugore bagumye mu rukundo, bazoguma mu Mana kandi bazoguma bashusha n'Imana igihe cose.

Patiri Noël Ntirandekura

Maronko, Mugisha na Rukundo

Ako ni akagani gatoyi kobasha kugumya urukundo mu rugo «Urukundo ruruta amaronko»

Umusi umwe umugore yasohotse ava mu nzu, aca abona abatama batatu bicaye imbere y'inzu.

Arabihweza ntiyabamenya. Aca ababwira ati: «Sinabamenye ariko ndabona ko mushonje, nimwinjire ndabahe ico mufungura».

Nabo baca bamubaza bati: «Mbega abana bawe baraho mu nzu?» Nawe ati: «Siho bari».

Bamwishura bati: «Ko

ataraho bari, ntituzaga».

Ku mugoroba, abana barataha, nyina aca ababwira ivyamushikiye. Abo bana bati: «Genda ubabwire baze ko twajye».

Nyina wabo aca abwira ba batama ati: «Nimwinjire babana baje». Baca bamubwira bati: «Twabwite ntitwinjirira rimwe, ushaka ko hinjira nde?»

Umwe muri bo aca aramusigura ati: «Jewe nitwa Maronko, urya nawe Mugisha, uriya wundi nawe Rukundo».

Wa mugore aca aja ku-

baza abana n'umugabo uwo bohitamwo kwinjiza. Umwe ati: «Nihinjire Maronko kuko turakeneye itunga».

Uwundi nawe ati: «Oya nihinjire Mugisha kuko niwe yotuma ivyo dukora bitera imbere».

Umwana mutoyi abwira Nyina ati: «Mama, Oya nihaze Rukundo». Nyina aca yiruka avugaga ati: «Rukundo, nimwinjire».

Rukundo ariko arinjira, abona Maronko aramukwirikiye na Mugisha nyene, aca aratan-

gaga ati: «Mwavuze ko mutinjirira rimwe, none muje mwese? Maronko na Mugisha bamwishurira rimwe bati: «Iyo winjira Maronko canke Mugisha, babiri bari gusigara hanze. Ariko ko winjira Rukundo, twese duca twinjira kuko ahari urukundo hose uhasanga amaronko n'umugisha». Urukundo ruruta amaronko n'umugisha.

Urukundo rurimwo amaronko n'umugisha. Urukundo rurimwo ivyiza vyose.

Patiri Noël Ntirandekura

Uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza

Umuntu wese, aba umwana canke uwukuze, arafise uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza. Nico gituma amategeko ategakanya ko umukozi ategerezwa kuronswa umwanya wo kuruhuka n'ukwinezereza.

Uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu hamwe n'amategeko y'igihugu c'Uburundi.

1. Ingene amategeko mpuzamakungu atunganyanya ubwo burenganzira

Uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza butegekanijwe n'amategeko mpuzamakungu atandukanye:

* itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu,

* amasezerano mpuzamakungu yerekeye ubutunzi, imibano n'imico kama,

* amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana,

* amasezerano mpuzamakungu y'akazi (OIT),

* hamwe n'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka no kubaho neza kw'abana.

Ingingo ya 24 y'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu ivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza, natakore ikiringo c'umu-



rengera, akama aronka akaruhuko buri mwaka kandi akaguma ahembwa.

Ingingo y'7 y'amasezerano mpuzamakungu mu vye-rekeye ubutunzi, imibano n'imico kama mu gace kayo ka kane ivuga ko abakozi bese bategerezwa kugira igihe c'akaruhuko, bakwinezereza, igihe c'akazi kigatunganywa co kimwe n'iminsi y'akaruhuko bahemberwa canke iminsi mikuru badakora yamara bakayihemberwa.

Ingingo ya 31 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka k'abana ivuga ko ibihugu vyemeje aya masezerano biba vyemeye ko umwana afise uburenganzira bwo kuruhuka, kwinezereza, kwitorera inkino zijanye n'imyaka yiwe n'ukwujukira imico kama n'utugene-negene ata nkomanzi.

Ibihugu vyemeje aya masezerano vviyemeje kubahiriza no korohera agateka k'umwana n'ukwujukira ivyerekeye imico kama n'utugene-negene ku buryo buhagije, bigahimiriza iringani-

zwa ry'ivyomufasha kwinezereza n'ugukina, kwijukira imico kama ata n'umwe akumiriwe.

Ingingo ya 3 y'amasezerano mpuzamakungu y'akazi (OIT) yerekeye ikiringo c'akazi mu mahinguriro ivuga ko naho ikiringo c'akazi gitegekanijwe mu masaha umunani ku musu, iki kiringo kirashobora kuranga igihe habaye isanganya rikomeye, igihe hari ibikorwa vy'ihutirwa kandi bikoreshwa imashini ariko naho nyene bitegerezwa kurangurwa ku mvo z'uko bidakozwe ihinguriro ritobandanya rirangura inshingano zaryo.

Ingingo ya 12 y'amasezerano ya Afrika yerekeye agateka no kubaho neza kw'abana mu gace ka mbere ivuga ko ibihugu vyashize umukono kuri aya masezerano biba vviyemeje ko umwana afise uburenganzira bwo kuruhuka, kwinezereza, kwitorera inkino zijanye n'imyaka yiwe n'ukwujukira imico kama n'utugene-negene ata nkomanzi.

Nk'uko duhejeje kubibo-

na, amategeko mpuzamakungu atandukanye arategakanya uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza. N'amategeko y'igihugu c'Uburundi ni uko nyene.

2. Ingene amategeko y'Uburundi atunganyanya ubwo burenganzira

Amategeko y'igihugu c'Uburundi atandukanye aratunganyanya uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza.

Muri ayo, tuja kwisungana ibiri :

* mw'Ibwirizwa Shingiro,

* mw'Ibwirizwa n°1/11 ryo ku wa 24 munyonyo 2020 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga akazi mu Burundi,

* mw'Ibwirizwa n°1/28 ryo ku wa 23 myandagaro 2006 rigenga abakozi ba Reta

* n'ibiri mw'Itegeko nshikiranganji n° 630/1 ryo ku wa 5 nzero 1981 ritunganyanya akazi k'abana.

Ingingo ya 19 y'Ibwirizwa Shingiro irinjiza mu mategeko n'amabwirizwa bigenga Uburundi amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu bwa-shizeko umukono.

Uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza

(Bitangurira ku rup.10)

Ingingo ya 245 y'Ibwirizwa n°1/11 ryo ku wa 24 munyonyo 2020 risubiramwo igitabu c'amategeko agenga akazi mu Burundi ivuga ko mu bisanzwe amasaha umukozi aba ari ku kazi angana n'amasaha umunani ku musu. Ku ndwi, umukozi ategerezwa gukora amasaha mirongo ine.

Ingingo ya 254 ivuga ko mu gihe ishirahamwe canke ihinguriro ritegekanywa ko akazi gakorwa mu migwi ikurakuranwa, umugwi wose utegerezwa kutarenza amasaha umunani ku musu akurikirana kiretse igihe c'akaruhuko kitarenza isaha 1 ku musu.

Ingingo ya 263 ivuga ko umukozi uwo ari we wese akorera Reta canke abigenga, ategerezwa kuronka umusi umwe w'akaruhuko mu ndwi.

Ako karuhuko gatangirwa rimwe ku bakozi bose kakaba gategekanijwe kenshi ku musu w'Imana.

Umushikiranganji ajejwe abakozi amaze kumviriza abarongoye inama y'igihugu ijewe akazi, ni we ashiraho itegeko ritomora ingene iyi ngingo ishirwa mu ngiro bivanye n'ubwoko bw'akazi n'ingene abakozi boshobora kuronswa akaruhuko ku muni atari uw'Imana bose canke bagakurakuranwa.

Ingingo ya 264 ivuga ko mu gihe akaruhuko ga-

tangirwa rimwe ku bakozi bose, umukoresha ategerezwa gushiraho u-rwandiko rumenyeshwa umusi n'amasaha y'ako karuhuko.

Iyi ngingo ibandanya ivuga ko mu gihe abakozi bose badashobora kuronkera ako karuhuko umusi umwe, umukoresha arabimenyeshwa biciye mu rwandiko rwerekana amazina y'abakozi batazokaronka kuri uwo musu.

Mu ntumbero yo kubahiriza uburenganzira bwo kuruhuka, ingingo ya 270 ivuga ko abana badashobora gukoreshwa amasaha y'ijoro mu mashirahamwe ya Reta canke y'abigenga.

Ingingo ya 282 nayo ivuga ko abana bakora mu mahinguriro, bategerezwa kuronswa n'imiburiburi akaruhuko kangana n'amasaha 12 aharurwa kuva bavuye kukazi gushika bagasubiyeko bukeye.

Ingingo ya 52 y'ibwirizwa n°1/28 ryo ku wa 23 myandagaro 2006 rigenga abakozi ba Reta ivuga ko umukozi wese afise uburenganzira bwo kuronswa akaruhuko kangana n'iminsi mirongo ibiri n'itanu ku mwaka ashobora gufatira rimwe canke incuro nyinshi bivanye n'ingene avyuvikanyeye n'umukoresha wiwe.

Umukozi ategerezwa ku ba yafashe akaruhuko kiwe imbere y'uko umwaka urangira.

Iyo umukozi ataronkejwe akaruhuko kiwe gategekanijwe mu mwaka, ashobora kukaronswa mu mwaka ukurikira ariko ntarenze amezi atandatu ataragasaba.

Aha twokwibukanyako itunganywa ry'umwaka w'akazi ryahindutse. Umwaka utangura mu kwezi kw'indwi ugahera mu kwezi kwa gatan-datu.

Ingingo ya 53 ivuga ko umukozi aronswa akaruhuko iyo yashikiwe n'ivyiza canke ivyago mu muryango wiwe. Ahatwovugaga nk'igihe agire yubake urwiwe, yibarutse, yabuze uwo bubakanye, abavyeyi biwe, n'abandi nk'uko amategeko abitunganyaga.

Ako karuhuko gategerezwa gutangwa muri icyo gihe nyene umukozi yashikiwe n'ibibi canke n'ivyiza. Nta mukozi ashobora kubuzwa ako karuhuko.

Igihe umukozi ashikiwe n'ivyiza canke ibibi yari asanzwe ari mu karuhuko, ako karuhuko ka mbere gaca gahagarara kakazosubira kubandanya ako kandi karangiye.

Ingingo ya 54 itegekanywa ko ako karuhuko gaharurwa hagati y'imisi itatu n'itanu bivanye n'ikintu cashikiye umukozi.

Mu ntumbero yo kubahiriza ubu burenganzira, ingingo ya 55 ivuga ko umukenyezi yibungen-

ze aronswa akaruhuko kangana n'indwi 14 zigabuwemwo kabiri : imbere n'inyuma yo kwibaruka. Umuganga ni we afise uburenganzira bwo kwerekana aho ivyo biringo vyose bitangurira.

Ingingo y'7 y'itegeko nshikiranganji n° 630/1 ryo ku wa 5 nzero 1981 ritunganya akazi k'abana ivuga ko abana bafise imyaka iri hagati ya 12 na 16 badashobora gukoreshwa amasaha arenga atandatu naho biba ari ibikorwa bibayabaye kandi hatarabwako abana biga canke ari mu gihe c'ikiruhuko.

Ingingo y'8 ivuga ko abana bafise imyaka iri hagati ya 16 na 18 badashobora gukoreshwa amasaha arenga umunani ku musu kandi naho nyene bakaronswa akaruhuko mu mwanya w'akazi katarenga isaha.

Mu gusozera, twagira twibukanye ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kuruhuka n'ukwinezereza.

Umukozi ategerezwa kuronswa umwanya wo kuruhuka n'ukwinezereza, agakora amasaha y'akazi ategekanijwe ku musu kandi naho hoba ibikorwa vyihuta canke isanganya, agumana u-burenganzira bwo kuronswa akaruhuko.

Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko
«CPDHPG»

Ikiganiro c'abavugizi b'inzego za Reta, abamenyeshamakuru n'abenegihugu

Ku muni wa gatanu igenekerezo rya 15 mukakaro 2022, abavugizi b'inzego zitandukanye mu Burundi, bararemeseje ikiganiro c'abanyagihugu n'abamenyeshamakuru ku kibuga c'umupira w'amaguru ku Gasaka ka inarunyonga co ku mugwa mukuri w'intara ya Ngozi



Mw'ijambo ryiwe ry'intangamarara, Umuvugizi w'Umukuru w'Igihugu, Alain Dioméde Nzeyimana yarashikirije abari ngaho indamutso ya Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu, aho yasubiriye kwipfuriza Abarundi bose Isabukuru nziza y'inyuma 60 Uburundi bumaze buronse Intaha y'Ukwikukira. Agatumirira abarundi kuvomera no gukomeza iyo ntahe bari ku bikorwa vy'iterambere, ngo « Dutare igihugu cacu amaboko, umutima n'ubuzima, Uburundi bugire iteka ».

Nkuko vyashikirijwe n'uwu muvugizi Alain Dioméde Nzeyimana, Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu asaba abenegihugu guhindura ivyiyumviro ngo bakore cane kugira bagwize umwimbu, bahuke imyaba n'aho hose horimwa hakavomerwa. Aranakebura abenegihugu kudasesagura umwimbu baronse, kandi ngo birinde guturira amashamba. Bajane n'ibihe mu guhindura imvugo nko gusaba ngo « imfashanyo », nyabuna ko ari ugushira hamwe kugira dutezanye imbere.

Ku bidoga ko ibiciro biguma biduga ku bintu bimwe bimwe vya nkenerwa,

atumirira abenegihugu kurikanura mu kugwanya abakomisiyoneri.

Ku rwaruka n'abakenyizi, yabatumiye kwiyumvira imigambi yo kwiteza imbere bagasaba ingurane muri ya mabanki y'urwaruka n'abakenzi.

Mu gihe abanyeshure bari mu kiruhuko, ntiyabagiye gusaba abavyeyi ngo babaha indero nziza mu kubarinda amarigara. Atumirira urwo rwaruka gukora ibikorwa vyo mu buruhuko kugira ruzoshobore kwigurira amakaye n'impuzu.

Ku vyerekeye indwara yatete ibitungwa, umukuru w'igihugu, abicishije ku muvugizi wiwe Alain Dioméde Nzeyimana, arahumiriza abenegihugu ko urucanco rwimirije gushika kugira bagwanye kandi batuze iyo ndwara.

Inyuma y'iryo jambo ry'intangamarara n'indamutso ya Nyenicubahiro, hakurikiye umuce wa mbere w'ibibazo vyabajijwe n'abamenyeshamakuru biraba ubuzima bw'igihugu mu vyerekeye ubutunzi, imibano, imigenderanire y'Uburundi

n'igihugu c'Urwanda, ivyerekeye gucukura ubutare; ivyerekeye urujana n'uruza mu mabarabara; ikibazo c'ukunganisha imishara ku bakozi ba Reta; ibibazo bijanye n'ubukene bw'ifumbire rihingurwa n'ikigo FOMI; ikibazo c'agahembo kazohabwa abakukuruke nkuko vyari vyashikirijwe n'Umukuru w'igihugu ; n'ibindi n'ibindi.

Kuri ivyo bibazo vyose, Abavugizi batandukanye b'inzego za Reta y'Uburundi. baratanze inyishu zibereye. Nk'akarorero, ku kibazo ca mbere cari cerekeye ibimaze kurangurwa ku myaka ibiri Nyenicubahiro Evariste Ndayishimiye amaze arongoye Uburundi, n'intambamyi ashobora kuba yaragize, Umuvugizi w'Umukuru w'igihugu yamenyesheje ko Nyenicubahiro yihaye ihangiro mu bikorwa biboneka yiyemeje kurangura.

Ivyo bikorwa na vyo bika-biri mu mice itandatu. Hari uguteza imbere uburimi n'ubworozi ; ugukomeza urwego rw'ubutungane; ugushigikira urwaruka mu bikorwa vy'iterambere; ukwitaho amagara y'abantu mu kugwanya ikiza ca Covid-19 ; ukwi-

twararika abakukuruke hamwe n'ugutahukana impunzi. Iruhande y'iyi migambi mikuru, Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu ntiyashize inyuma ugutsimbataza intwari ibereye hamwe n'ugukomeza imigenderanire

Umuvugizi w'Umukuru w'igihugu yamenyesheje ko n'intambanyi zitabuze. Cane cane akaba yashimikiye ku buryo buke bwo kurangura iyo migambi n'aho ugushaka kuba kuhari, abakozi bamwe batarahura iyo migambi y'umukuru w'igihugu usanga bagikwega amaguru, n'ibindi.

Ku kibazo co kugwanya ikiza COVID19, Ubushikiranganji bw'amagara y'abantu buciye ku muvugizi wabwo amenyesha ko, ku bantu 365 bapimwe kw'igenekerzo rya 12/7/2022, abantu 21 basanze bawaye. Ku bantu 549 bapimwe kw'igenekerzo rya 14/7/2022 naho, ngo abantu 19 bari baranduye iyo ngdwara. Ari na co gituma Reta y'uburundi itumirira abarundi gukurikiza za ngingo zo kugwanya covid kuko ngo ntaho cagiye.

Umuce wa kabiri wari ibibazo vy'abenegihugu. Ahani abenegihugu bashikirije akari ku mutima cane cane bakaba bidogera urwego rw'ubutungane butabatangiriza : ukuren-ganywa mu ntahe kubera ibiturire, uguturaturwa mu mashirahamwe.

Tubibutse ko ico kiganiro cama kiba uko ameze atatu aheze.

Patiri Noël Ntirandekura